


10 kòmandman pou lapè nan fanmiy nan



Kwè nan bondye epi viv pawòl bondye a, **renmen pwochen w tankou ou menm.**



Pou lapè kòmanse
andedan fanmiy nan



Renmen tèt ou, fè tèt ou konfyans, fè fanmiy w konfyans, kolabore pou gen yon anbyans renmen ak lapè nan mitan nou.



Pran tan pou w jwe, pran plezi ak fanmiy ou paske **timoun nan aprann pandan I ap jwe**, rekreyasyon an fè moun yo vin pi pre yonn lòt.



Edike ptit ou **nan diyalog, nan karès pandan ou ap ba I tout siipo nesesè epi fè atansyon:**
Moun ki bat moun lè ou ap ansegne I ou aprann moun sa a pou I bat moun.



Patisipe ak fanmiy ou nan lavi kominate a, pandan ou ap evite move konpagni ak rekreyasyon ki pouse moun fè vyolans.



Chèche resoud pwoblèm yo nan trankilite, epi aprann ak sitiayson difisil yo, **chèche wè sa ki bon ladan yo.**



Di sa ou santi nan laverite, di sa w panse, epi koute sa lòt yo gen pou yo di.



Rèspèkte tout moun ki pa panse menm jan avè w, **paske diferans lan se yon vrè richès** pou chak moun epi pou tout gwoup la.



Bay bon ezanp, paske pi bon pawol la se fason ou ye a.



Mande padon lè ou fè yon moun lapenn, padonnen ak tout kè w lè ou santi yo fè w lapenn **paske padon an se pi gwo jès renmen** nou kapab montre.



CEH-AYITI

Se pou
tout timoun
gwo jès